



Pou Piblikasyon Imedya: 22/09/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 13 MILYON DOLA NAN SIBVANSYON YO BAY FOUNISÈ SÈVIS SAN BI LIKRATIF YO POU FOUNI OPÒTINITE FÒMASYON PWOFSYONÈL POU MOUN KI GEN ANDIKAP DEVLOPMANTAL YO

Sibvansyon yo pral divèsifye ak ranfòse mendèv New York la nan prepare moun ki gen andikap devlopmantral yo pou yo reyisi nan mache travay jodi a

Gouvènè Kathy Hochul jodi a anonse ke plis pase 13 milyon dola sibvansyon yo bay atravè Biwo pou Moun ki Gen Andikap Devlopmantral (Office for People with Developmental Disabilities, OPWDD) Eta New York yo pou sèt founisè sèvis san bi likratif nan tout eta a pou finanse opòtinite fòmasyon pwofesyonèl ki espesifik pou karyè pou moun ki gen andikap devlopmantral yo pandan kat pwochen ane yo.

"Ekonomi dinamik eta nou an depann de travay di ak ekspètiz tout Nouyòkè yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Moun ki gen andikap devlopmantral yo gen menm dezi ak dwa pou kontribiye nan mache travay la epi pou yo otonòm. Finansman sa a pral prepare moun yo pou siksè nan travay epi ede anplwayè yo okipe pòs vid ki enpòtan yo".

Komisè Biwo pou Moun Ki Gen Andikap Devlopmantral Eta New York la, Kerry Neifeld, te deklare, "Avèk inisyativ fòmasyon nou vize sa a, nou fè avanse konpreyansyon nou sou sa ki posib pou Nouyòkè ki gen andikap devlopmantral yo. Pandan n ap bay plis moun otonomi pou yo travay, n ap demontre nouvo fason efikas pou sipòte moun epi montre mond lan fòs ak siksè ki genyen lè siksè anplwayè yo aksepte divèsite ak enklizyon".

Biwo pou moun ki gen andikap devlopmantral yo tradisyonèlman mal reprezante nan mache travay jeneral la. Pwogram fòmasyon pwofesyonèl sa yo pral ede moun ki gen andikap devlopmantral yo jwenn konpetans ak eksperyans ki nesèsè pou jwenn travay epi redwi diferans nan chomaj pou moun ki gen andikap yo.

An 2022, Gouvènè Hochul te rekonèt nesèsite pou ogmante opòtinite fòmasyon pwofesyonèl pou moun ki gen andikap devlopmantral epi bay finansman pou OPWDD pou devlope ak bay fòmasyon pwofesyonèl espesifik pou karyè ki ap prepare moun pou antre sou mache travay la epi jwi karyè satisfèzan.

Aksyon sa a an akò ak dekrè Egzekitif 31 Gouvènè a pibliye ki se "Angaje Eta New York pou l Tounen yon Anplwayè Modèl pou Moun ki Gen Andikap yo" ak lansman senpozyòm DREAM anyèl la, epi kontinye baze sou angajman Eta New York pran pou l sipòte moun ki gen andikap yo pou yo pouswiv travay. Fòmasyon ki devlope ak ofri atravè sibvansyon sa yo pral konbine avèk eksperyans pwofesyonèl kominotè ki finansè atravè Egzanpsyon konplè pou Sèvis Lakay ak Kominotè OPWDD yo. Fòmasyon an ap ede moun yo devlope konpetans ki ka negosye sou mache a ki ka satisfè demann anplwayè yo jodi a epi ki mennen nan siksè travay. Plis moun ki gen andikap devlopmantral ap kapab pote kontribisyon pèsònèl yo sou mache travay la, pou asire kominote ki pi solid, pi divèsifye epi ki enklizif.

Yo te bay founisè sa yo sibvansyon:

- Access: Supports for Living Inc.
- AccessCNY, Inc.
- Community Services for Every1, Inc.
- Family Residences and Essential Enterprises, Inc.
- Jawonio, Inc.
- AHRC NYC
- Upstate Caring Partners

Access: Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Supports for Living Inc., Ron Colavito, te deklare, "Access: Supports for Living Inc. te fonde sou kwayans ke moun ki gen andikap yo te gen kapasite pou yo patisipe nan travay ki gen sans, konpetitif ak dezi pou yo fè pati espas travay akeyan yo. Nou te wè, pandan yon bann fwa, ke reprezantasyon yo enpòtan, epi li bay yon enpak pozitif ki pa ka mezire sou moun nan, espas travay li ak kominote li. Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul ak Komisè Neifeld pou konpreyansyon yo ak aksyon yo pou kreye kominote ki pi enklizif ak divèsifye".

Direktè Egzekitif Paul Joslyn te deklare, "AccessCNY rekonesan pou opòtinite pou elaji sèvis travay nou yo pou moun ki gen andikap nan New York Santral. An patenarya ak Upstate Caring Partners ak twa lòt founisè, AccessCNY pral fòme moun ki gen andikap yo pou karyè nan manje oswa sèvis konsyèj. Nou kontan kòmanse kou sa yo nan semèn k ap vini yo epi travay ak elèv ki gradye nan pwogram nan pou jwenn bon jan kalite travay. Pwogram nan kontinye misyon inovasyon AccessCNY pou satisfè bezwen k ap chanje nan New York Santral epi kreye yon kominote kote tout moun fè pati".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Community Services for Every1, Inc. Mindy Cervoni, te deklare, "Community Services for Every1 onore pou l patisipe nan inisyativ inovatè sa a pou amelyore rezilta travay pou moun ki gen andikap devlopmantral yo. Demann ak pèspektiv pou travay nan sektè otèl nan rejyon nou an rete solid. Fòmasyon sa a pral benefisye egalman anplwaye aspiran yo ak anplwayè lokal k ap chèche ranfòse mendèv yo".

Direktè Egzekitif Jeneral Family Residences and Essential Enterprises, Inc., Chris Long, te deklare, "Nou pa ta ka plis eksite pou nou fè patenarya ak OPWDD pou kreye fòmasyon pwofesyonèl inovatè ki pral ede kreye opòtinite travay dirab pou moun nou sipòte yo. Nou rekonesan anpil pou sipò a".

Direktè Egzekitif Jenral Jawonio, Inc., Randi Rios-Castro, te deklare, "Jawonio vrèman onore pou l te resevwa finansman OPWDD bay pou founi sèvis fòmasyon sou vant an detay. Moun ki gen andikap devlopmantral yo se yon pati esansyèl nan kominote nou yo isit la nan rejyon Lower Hudson Valley ak atravè Eta New York; epi poutan yo te mal reprezante sou mache travay la pandan twò lontan. Avèk angajman solid Gouvènè Hochul pou enklizivite, Jawonio kapab kounye a bay moun yo otonomi pou yo akeri konpetans ki ka negosye sou mache a k ap kreye chemen pou reyisit ak karyè ki satisfèzan".

Direktè Egzekitif Jeneral AHRC NYC, Marco Damani, te deklare, "Chèchè yo nan Drexel University dènyèmman te estime ke sèlman 1.1 pousan nan adilt ki gen laj travay ki gen otis ki potansyèlman bezwen sèvis travay ki aktyèlman ap resevwa yo—sa ki kite anviwon 1.98 milyon moun otis san sèvis travay yo ki asosye ak reyisit byennèt. Pandan ke nimewo sa yo pa reprezantatif tout popilasyon ki gen andikap devlopmantral yo, li klè gen yon bezwen pou konsantre yon fason pi agresif ak pwogresif sou optimizasyon opòtinite travay ak estaj pou moun ki gen andikap devlopmantral yo. AHRC NYC fyè pou l se yon benefisyè sibvansyon fòmasyon pwofesyonèl OPWDD epi li angaje l pou l fè patenarya ak gouvènman Eta New York pou atenn enklizyon total moun ki gen andikap yo nan espas travay la".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Asosyasyon Paralizi Serebral Eta New York la, Mike Alvaro, te deklare, "Nou remèsye Gouvènè Hochul pou finansman enpòtan sa a, ki montre yon lòt fwa ankò angajman administrasyon sa a anvè Nouyòkè ki gen andikap devlopmantral yo. Travay se yon pati fondamantal sou ki moun nou ye ak fason nou konekte ak kominote nou yo, epi sibvansyon sa yo non sèlman afime ke nou vrèman fè pati kominote New York la, men tou yo pèmèt tou moun ki gen andikap devlopmantral yo patisipe epi vin manm pwodiktif mendèv la sou yon baz pi laj pase opòtinite pase yo te pèmèt yo".

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)